

Kòd konduit ak plan sekirite pou distri

Depatman Edikasyon Vil Nouyòk *New York City Department of Education*(DOE) pran angajman pou garanti lekòl nou yo se anviwònman ki gen sekirite, sennesof epi ki gen lòd kote ansèyman ak aprantisaj fèt chak jou. Yon lekòl sennesof ak ankourajan depann de efò tout manm kominote lekòl la—pwofesè, elèv, responsab, paran, konseye, travayè sosyal, estaf sekirite, founisè sèvis ki gen rapò ak edikasyon espesyal *related service*, travayè kafeterya, gadyen ak estaf otobis—pou trete yonn lòt ak respè.

Lòd ak sekirite nan lekòl leta yo ak ozaanviwon yo enpòtan pou kreye anviwònman aprantisaj kote elèv ka satisfè nòm akademik elve, edikatè ka anseye nan nivo nòm sa yo, epi paran ka gen garanti ke pitit yo ap aprann nan yon anviwònman sennesof ak pozitif.

Lwa eta a egzije pou Depatman Edikasyon Vil Nouyòk New York City Department of Education(NYCDOE) kreye yon Plan sekirite pou tout distri ki gen ladan yon plan global pou vil la pou konsidere jesyon ijans ak entèvansyon pou lè gen pwoblèm ak yon kòd konduit ki gen ladan yon kòd disiplin. Anplis, yo egzije pou chak lekòl kreye yon plan sekirite onivo bilding lan ki fikse pwosedi sekirite pou bilding, tankou kontwòl vizitè, evakyasyon elèv ak lòt pwosedi ijans ki espesifik pou lekòl. Plan sekirite distri Vil Nouyòk la fikse ak dekri regleman ak pwosedi depatman edikasyon pou kenbe yon anviwònman aprantisaj ki gen lòd tankou kòm sistèm lan reponn zak vyolans oswa lòt aktivite kriminel, kòm sistèm lan kontakte ak avèti paran ak lapolis ak ki estrateji yo mete anplas pou dekouvri konpòtman vyolan ak amelyore kominikasyon pami elèv ak ant elèv ak estaf lekòl.

Kòd konduit Depatman Edikasyon Vil Nouyòk la gen ladan egzijans sou konpòtman pou vil la pou sipòte aprantisaj elèv. Dokiman sa a gen ladan kòd entèvasyon ak disiplin elèv, ansanm ak lwa sou dwa ak responsablite elèv, K-12yèm ane. Kòd konduit la gen ladan pwosedi pou avèti paran ak lapolis pou vyolasyon kòd la.

Seri bagay sa yo souliye eleman enpòtan ki nan Plan sekirite distri DOE a ak kòd konduit la.

A. Regleman ak pwosedi pou garanti sekirite byennèt elèv ak estaf lekòl. Pami sijè sa yo genyen :

1. Regleman pou reponn menas ak zak vyolans oswa konpòtman kriminèl;
2. Yon deskripsyon estaf sekirite lekòl la tankou trening ak fòmasyon;
3. Pwosedi pou avèti otorite lapolis ki apwopriye, paran ak kominote lekòl la sou krim oswa lòt ka ijans ki rive nan lekòl la;
4. Yon deskripsyon estrateji pou prevansyon ak entèvasyon ki disponib pou elèv ak paran.

B. Regleman ak pwosedi pou reponn menas ak zak kriminèl

Responsab lekòl yo dwe mete yo pre pou reponn menas oswa zak kriminèl, depi nan agresyon fizik rive nan nan menas bonb. Regleman Chanselye a ak regle yo fikse pwosedi pou avèti lapolis sou ensidan ak krim ki rive nan lekòl, krim elèv, anplwaye lekòl komèt oswa sou ijans medikal ki genyen. (gade dokiman enpòtan ki ba a).

C. Rechèch pwosedi

Konstitisyon an bay elèv yo dwa pou pou yo pa fouye ni sezi afè yo san rezon valab. Yo ka fouye yon elèv ak bagay li sèlman si responsab lekòl la gen dout ki ki valab ki fè li kwè fouy la ap bay prèv ke elèv la vyole oswa ta sanble vyole lalwa oswa nòm disiplin depatman an. Limit ak enpòtans fouy la dwe gen rezon ki gen rapò ak objektif fouy la epi li pa dwe chita twòp sou laj ak sèks elèv la ni kategori vyolasyon an. Regleman Chanselye A-412 ak A-432 rezime pwosedi pou fouye elèv, bagay yo genyen ak lockers yo.

D. Sekirite estaf lekòl

An septanm 1998, Depatman edikasyon, Chanselye a ak Vil Nouyòk te siyen yon akò pou aplike yon pwogram nan tèt ansanm ant DOE ak Depatman polis Vil Nouyòk *New York City Police Department* ("NYPD"), kote zafè sekirite estaf lekòl ta pral responsablite NYPD. Dapre yon akò ant DOE ak Vil Nouyòk, se NYPD ki chwazi, antrene, repati ak evalye estaf sekirite lekòl ki nan sistèm lekòl leta Vil Nouyòk.

Dapre akò a, ofiye k ap kòmande seksyon sekirite lekòl *School Safety Division* nan NYPD responsab pou prepare plan repatisyon resous sekirite lekòl. Lè l ap pran responsablite sa a, l ap konsidere bagay sa yo:

- Popilasyon lekòl la
- Bezwen espesyal popilasyon an
- Plan ak efektif lekòl la
- Kritè enspeksyon
- Estaf pedagogik la
- itilizasyon ajan sekiirite lekòl la
- Eta krim lokal yo
- Konsekans sou lekòl zòn lan
- Kantite krim nan lekòl la

E. Plan sekirite onivo bilding lekòl

Dapre Regleman Chanselye A-414, chak lekòl dwe tabli yon ekip sekirite nan lekòl la nan objektif pou kreye yon plan sekirite lekòl onivo bilding lan. Plan an dekri rantrè nan bilding lan ak pwosedi pou kontwole vizitè ak lòt bagay ankò; Estrikti responsab lekòl la, travay sekirite ak orè; pwosedi pou enkonni; sistèm kominikasyon pou ijans tankou non ak nimewo telefòn estaf lapolis ki apwopriye; ak pwosedi pou evakyasyon pou tout elèv paegzanp elèv ki gen limit nan deplasman. Chak plan dekri wòl ekip pou bay repons nan bilding lan ak trening pou konsidere tout pwotokòl repons pou elèv ak estaf. Chak plan onivo bilding tabli pwotokòl pou reponn nan ka ijans tankou pwodui ki tonbe atè, enkonni, menas bonb, sitiasyon priz otaj oswa fiziyad; si pou yo evakye, bayabri oswa fèmèn tout moun anndan. Plan onivo bilding lan dwe konsistan avèk yon fòm plan sekirite *Office of Safety and Youth Development* kreye epi yo dwe revize l chak ane. Dapre lwa edikasyon eta a, plan repons nan ka ijans onivo bilding lan dwe konfidansyèl ni yo pa ka devwale l.

F. Avi pou paran

Menas oswa komèt yon zak vyolans nan yon lekòl afekte tout lekòl la. Si gen menas oswa vyolans, responsab lekòl la dwe prepare pou kontakte ajans lapolis ki apwopriye epi avèti kominote lekòl la san delè, espesyalman paran timoun ki nan lekòl la. Regleman Chanselye a ak regleman DOE ak pwosedi ki fikse pou avèti paran(gade dokiman enpòtan ki pi ba yo).

G. Estrateji pou disiplin ak entèkansyon

Atant konpòtaman vil la pou sipòte aprantisaj elèv(the “Discipline Code”) (<http://schools.nyc.gov/RulesPolicies/DisciplineCode/default.htm>) gen ladan kòd entèvansyon ak disiplin elèv ak lwa sou dwa ak responsablite elèv, K-12yèm ane. Dokiman sa a ankouraje konpòtman elèv ki responsab ak yon anviwònman ki gen diyite ak respè nan tabli prensip pou ede elèv konprann nòm konpòtman ke y ap atann tout elèv respekte ak konsekans ki genyen si yo pa respekte yo. Li gen ladan divès mezi disiplin ak entèvansyon lekòl yo ka itilize pou pini move konduit.

N ap atann pou chak lekòl ankouraje yon anviwònman pozitif nan lekòl ak yon klima ki ofri elèv yon anviwònman ankourajan kote pou yo devlope ni onivo akademik ni onivo sosyal. N ap atann pou lekòl yo ofri elèv pakèt sipò pou yo gen bon konpòtman sosyal, epi bay yo divès sipò pou bon konpòtman ak bonjan opòtinite pou aprantisaj sosyemasyonèl.

Manm estaf lekòl yo responsab pou rezoud move konpòtman elèv ki deranje aprantisaj. Yo atann pou responsab, pwofesè, konseye ak lòt estaf lekòl yo angaje tout elèv nan estrateji entèvansyon ak prevansyon ki konsène pwoblèm konpòtman epi diskite yo ak elèv la ak paran l.

Yo rezime estrateji pou entèvansyon yo nan kòd disiplin lan. Metòd entèvansyon ak prevansyon yo ka gen ladan yo sipò pou konsèy ak sèvis pou konsidere sitiyaasyon pèsònèl ak sitiyaasyon famiyal; aprantisaj sosyal/emasyonèl, tankou rezolisyon konfli/medyasyon/negosyasyon ant elèv, mezi pou koreksyon, jesyon kolè, jesyon estrès, ak/oswa ladrès kominikasyon; itilizasyon lòt materyèl edikatif ak/oswa lòt metòd; sèvis enrichment; lòt plasman nan klas;ak/oswa devlopman oswa revizyon evalyasyon sou konpòtman ak plan entèvansyon sou konpòtman ke yo ta dwe kreye ak/revize kòm yon estrateji pou entèvansyon byen bonè.

Atravè itilizasyon estrateji pou entèvansyon ak prevansyon ki angaje elèv epi ki ba yo yon sans objektif yo, manm estaf lekòl la fasilite pwogrè akademik ak sosyemasyonèl elèv yo epi yo ede yo respekte regleman ak prensip lekòl la.

nan salklas la, pwofesè yo itilize divès teknik akademik ak konpòtman pou reyalize yon anviwònman aprantisaj maksimòm. Ekip entèdisiplin ki gen ladan estaf sipò tankou konseye pedagogik ki nan chak lekòl. Ekip sa yo rankontre regilyèman pou envante ak aplike estrateji pou rezoud pwoblèm espesifik elèv ki "riske" yo rankontre.

Dokiman enpòtan

Dokiman enpòtan sa yo se Plan sekirite lekòl ak kòd konduit distri a:

Kòd entèvansyon Disiplin elèv ak Lwa sou Dwa ak Responsablite elèv, Matènèl-12yèm ane

Regleman Chanselye A-411 rediksyon/entèvansyon pwoblèm konpòtman ak kontakte 911

(http://schools.nyc.gov/NR/rdonlyres/5DA279FE-5664-4B3D-86CB-659EFFBA3D8D/0/A411_52115.pdf)

Regleman Chanselye A-412 sekirite nan lekòl

(<http://schools.nyc.gov/NR/rdonlyres/78BB9C02-2634-4EC2-955D-7097DD511E06/0/A412RegwAdvisory22615.pdf>)

Règleman Chanselye A-413, itilizasyon telefòn selilè ak lòt aparèy elektwonik anndan lekòl

(<http://schools.nyc.gov/NR/rdonlyres/8C04CC15-F156-4578-9775-53B98638D650/0/A413Final22615.pdf>)

Regleman Chanselye A-414 Plan sekirite (<http://schools.nyc.gov/NR/rdonlyres/381F4607-7841-4D28-B7D5-0F30DDB77DFA/80066/A414FINAL.pdf>)

Regleman Chanselye A-418 Avètisman pou agresè seksyèl

(<http://docs.nycenet.edu/docushare/dsweb/Get/Document-152/A-418%20%204-11-06.pdf>)

Regleman Chanselye A-420 Pinisyon kòporèl

(http://docs.nycenet.edu/docushare/dsweb/Get/Document-19/A-420__11-16-04.pdf)

Regleman Chanselye A-421 Abi vèbal

(<http://docs.nycenet.edu/docushare/dsweb/Get/Document-20/A-421.doc.pdf>)

Regleman Chanselye A-432 Fouy ak sezi

(<http://docs.nycenet.edu/docushare/dsweb/Get/Document-21/A-432.pdf>)

Regleman Chanselye A-443 Pwosedì pou disiplin elèv

(<http://docs.nycenet.edu/docushare/dsweb/Get/Document-22/A-443.pdf>)

Regleman Chanselye A-450 pwosedì pou transfè envolonètè

(<http://schools.nyc.gov/NR/rdonlyres/381F4607-7841-4D28-B7D5-0F30DDB77DFA/97053/A4501202011FINAL.pdf>)

Regleman Chanselye A-750 Abi sou timoun(<http://schools.nyc.gov/NR/rdonlyres/381F4607-7841-4D28-B7D5-0F30DDB77DFA/97056/A7501202011FINAL.pdf>)

Regleman Chanselye A-755 Prevansyon/entèvansyon suisid

(<http://schools.nyc.gov/NR/rdonlyres/381F4607-7841-4D28-B7D5-0F30DDB77DFA/109109/A75581811FINAL.pdf>)

Regleman Chanselye A-830 Pote plent entèn pou diskriminasyon/arasman ki ilegal

(<http://schools.nyc.gov/NR/rdonlyres/8D6081A7-2945-40C1-90B7-F725BD4FA5D5/0/A830.pdf>)

Regleman Chanselye A-831 Arasman seksyèl ant kamarad

(<http://schools.nyc.gov/NR/rdonlyres/821E130E-8DCB-4787-A6B9-2968D587359A/0/A831101211.pdf>)

Regleman Chanselye A-832 Arasman, entimidasyon ak/oswa agresyon ant elèv

(<http://schools.nyc.gov/NR/rdonlyres/55EF6553-0FE8-40A0-8B3B-2D255D28A84D/0/A832.pdf>)

Deklarasyon Dwa ak Responsablite Paran

(<http://schools.nyc.gov/RulesPolicies/ParentBillOfRights/default.htm>)

1. Plan sekirite onivo bilding lekòl

Dapre Regleman Chanselye A-414, chak lekòl dwe tabli yon ekip sekirite nan lekòl la nan objektif pou kreye yon plan sekirite lekòl onivo bilding lan. Plan an dekri rantre nan bilding lan ak pwosedi pou kontwòl vizitè ak lòt bagay ankò; Estrikti responsab lekòl la, travay sekirite ak orè; pwosedi pou enkonni; sistèm kominikasyon pou ijans tankou non ak nimewo telefòn estaf lapolis ki apwopriye; ak pwosedi pou evakyasyon pou tout elèv paegzanp elèv ki gen limit nan deplasman. Chak plan dekri wòl ekip pou bay repons nan bilding lan ak trening pou konsidere tout pwotokòl repons pou elèv ak estaf. Chak plan onivo bilding tabli pwotokòl pou reponn nan ka ijans tankou pwodui ki tonbe atè, enkonni, menas bonb, sitiyan priz otaj oswa fiziyad; si pou yo evakye, bayabri oswa fèmen tout moun anndan. Plan onivo bilding lan dwe konsistan avèk yon fòm plan sekirite *Office of Safety and Youth Development* kreye epi yo dwe revize l chak ane. Dapre lwa edikasyon eta a, plan repons nan ka ijans onivo bilding lan dwe konfidansyèl ni yo pa ka devwale l.

Dokiman enpòtan

Dokiman enpòtan sa yo sipòte Plan sekirite lekòl onivo bilding:

Regleman Chanselye A-414 (<http://schools.nyc.gov/NR/rdonlyres/381F4607-7841-4D28-B7D5-0F30DDB77DFA/80066/A414FINAL.pdf>)

Gid paran pou sekirite (nou gen pou nou afiche l)